Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы
Қарақалпақстан бөлиминиң

# ХАБАРШЫСЫ

Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр

Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси
Қорақалпоғистон бўлимининг

# АХБОРОТНОМАСИ

Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда

# ВЕСТНИК

Каракалпакского отделения
Академии наук Республики Узбекистан
Журнал издается с 1960 года

№ 4
(281)

Нукус-2025

УДК 8-1/-1

# НӘЖИМ ДӘЎҚАРАЕВ ОБРАЗЫ – ИЛИМИЙ МИЙНЕТЛЕРДЕ ҲӘМ КӨРКЕМ ШЫҒАРМАЛАРДА

**Утамбетова А.Ж.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Белгили илимпаз Нәжим Дәўқараевтың көркем образын қарақалпақ интелегенциясының баслаўшыларының бири сыпатында кең китап оқыўшыларына таныстырыўда илимпаз жазыўшы С.Бахадырованың «Қанатынан қайырылған суңқар» [1] хүжжетли повестиниң әҳмийети оғада үлкен орын тутады. Повестти илимпаздың өмирден кетер ўақытларындағы, яғный оның пүткил дөретиўшилиги менен турмыс тиришилигиниң аўыр трагедиялық ҳалатларын сәўлелендирген шығарма деп таныўымыз мақсетке муўапық келеди.

Повестьте илимпаздың ўатаны халқына деген сүйиспеншилиги, қарақалпақ миллетиниң өзине тәнлигине болған айрықша сезими, оның профессор фольклорист Қ.Айымбетов пенен дослық қатнасықларының ажыралмаслығы жетерли дәрежеде сәўлеленген. Шығарма Ташкенттен самолётта ушып киятырған илимпаз Н.Дәўқараевтың ўатан, қарақалпақ жерине болған сағыныш сезимлерин сәўлелендириўден басланған. Шығармадағы Н.Дәўқараевтың түнлердиң биринде уйқылы ояў ҳалында Әжинияздың «Бозатаў» қосығы менен оның намасының сырлы елеслери, қулаққа келген муңлы нама дурыс берилген. Усы нама ырғақлары, сол бир аласапранлы жыллар ХХ әсирдиң отызыншы жылларында «қарақалпақ әдебияты бар ма, бар болса оған оған қайсы шайырлар киреди?» деген биймәни сораўдың ортаға қойылып, даўлы пикирлерге орай болыўы Н.Дәўқараевты бийлеп алып гүрес орталығына шығарған еди. Ал повестьтеги илимпаздың таң азанда қаймақлы шай усынған хаялы Валифа менен сөйлесиўи – диалоги орынлы сәўлеленген: «Валифа, шаршадың ба, жаман уйқладың ба?» – деди мийримли көзлер менен ериниң келбетине қарап. – Түнде оянып кеткеннен соң қайтып уйқым келмеди. Валифа, мен түсим бе, оңым ба, билмеймен Әжинияздың «Бозатаў» қосығын биреў ырғағына салып айтып атырғанын еситтим. Даўыс сондай жағымлы. Оянып қарасам, қасымда ҳеш ким қосык айтып атырған жоқ. Бирақ даўыс көпке шекем мениң қулағымнан кетпеди – деди баладай қуўанып. Валифа оның көзиндеги ушқын шашқан отты көрди, жүреги тербенип кетти. Ол ерин аяп, ана журтқа деген сағыныштың нурын көзинде көрип, не дерин билмей қарады» [1, 15]. Повестьтеги бул ўақыя Н.Дәўқараевтың Қазақстандағы Орал педагогикалық институтында жумыс ислеп жүрген жыллары еди. Повестьте жазыўшы Н.Дәўқараевтың кабинетине келип, оның А.П.Савицкий менен қарама-қарсылықларын сәўлелендириўши сюжетлик детальларды көбирек диологлар арқалы сүўретлеген. Булар арқалы китап оқыўшылар Н.Дәўқараев пенен А.П. Савицкий арасындағы қарама-қарсылықлардың анық төркинин бурыннан анық билмесе де, енди оларды айқынластырып сүўретлеген қарақалпақ халқының нағыз азаматы Н.Дәўқараевқа исленген душпанлықтың сырларын А.П. Савицкий Москвадағы этнография институтына директордың (Н.Дәўқараевтың) рухсатысыз жиберилген хаттан басланғанын, оның шөлкемлестириўшилери болғанын анық билип алады. Анығырағы А.П. Савицкий өз директорының рухсатын алмастан, оның атынан Москвадағы этнография институты директоры С.П. Толстовқа сол жерде аспирантурада оқып атырған Р.Қосбергенов, М.Нурмухамедов, С.Камалов ҳәм тағы басқаларды Нөкиске қайтарыў, егер ол орынланбаса солардың аспирантлық стипендияларын, айлық ис ҳақыларын қысқартыў жөнинде хат жиберген екен. Бул хаттан болса Н.Дәўқараевтың хабары болмаған. Сонда А.П. Савицкий өз директоры менен: «Мен ҳәр бир адымымды сениң менен ойласып атыўым керек пе мен тәртипти талап етемен…» деген сыяқлы сөзлер менен Н.Дәўқараевты тыңлағысы келмей, оған бойсынбай кетеди. Н.Дәўқараев болса оны өзи өтиниш пенен рус тилиндеги ис қағазларын жазыў ушын алдырған болса да, енди оны жумыстан шетлете алмайды, ол душпанлықты күшейте баслады. Арадан көп өтпей «Советская Каракалпакия» газетасының бетинде И.Ефимовтың «Брошюра, содержащая идеологические извращения» атлы мақаласы жәрияланып қайғылы ызғар суўық самалды алып үйме-үй, кеңсеме-кеңсе тарқатылды. Мақаланы оқыған адам бир түрли болып кетеди. Бир майдан Нөкисте тынышлық, Нөкис қаласы демин алмай, халық басына түскен қыйыншылықты қалай көтеретуғынын қайғырып турған яңлы… газета самалдай тез ушып Н.Дәўқараевтың үйине де жетип келди… төртинши беттеги мақалаға көзи түсти. Арқасынан шыққан муздай тер тула беденин қаплап, ети түршигип кетти. Авторы ким? Бул бир адамның жулынына балта менен уратуғын мақала – ғой деди ишинен. Теманы қатал алған екен. Мына тема менен биреўдиң қазанында қан қайнайды. Авторы И.Ефимов. Ефимовты ол кеше ғана қала-

лық партия комитетинде көрген еди... ети жуў ете қалды...қайта оқыды... «Ким сорлы екен мынаў оңбағанның тырнағына илинген. Ол дәрриў мақаланы оқый баслады. Өзиниң көзине өзи исенбеди. Және оқыды. Хеш түсинбейди. Және оқыды. Сонда идеологиялық жақтан бурмаланған мақала меники ме? Мен ҳаққында жазылған ба? Қалай – қалай? Ол газетаны бүклеп, ҳаялынан жасырып, папкасына салды. Жалғыз қорғаны – үйиниң иши билмеуи...» [1, 20].

Мине, бул Н.Дәўқараевтың басына түскен болажақ аўыр мүсийбет – өлим тырнағына илиниў пайыты еди. Повестьте С.Баҳадырова оның бурын бай баласы – Қоңыраттағы есигинде қул жумсап, фабрика ашқан ески үстем класстың ўәкилиниң перзенти болғанлығы ушын Қазахстанда оқыўынан қуўылғанын көп қыйыншылық пенен оқыўға қайта түскени ҳәм тағы басқалар авторлық мағлыўматнама баянлаўлар менен береди.

Ал, Н.Дәўқараев өзине исленген мынадай жала дөҳметти бала шағасы менен анасына билдиргиси келмесе де Валифа сергек, сезимтал ҳаял болып, ол күйеўиниң жүзинде қан қалмағанын сезип, жүреги бир сумлықтың басланғанын аңлап, қоңсыларынан газетаны таўып алып оқып, жүдә қолайсыз ҳалатқа түседи, күйеўин, ҳәттеки, жумысынан үйине де жибермей қамаққа алатуғындай болып түйиледи. «Бәрин ислеп отырған сол Савицкий... Ефимовты, Савицкийди таўып аламан деп жулқынса да, ана келинин жибермей алып қалады» [1, 21].

Бундай жүдә қыйын жағдайларда елиўинши жыллардағы репрессияның қайта тирилип, гүжип атырған ўақытлары Нәжим ағаға ким жәрдемге келер еди, ким оған көмек көрсете алады. Олар, ҳәттеки, айырымлары Нәжим Дәўқараев пенен сәлемлесиўге ҳүрейленип, көрмегендей болып кетер еди. Сонда оған Қ.Айымбетов дослық жәрдемин көрсетип, шын ықлас пенен сырласып, қыйын ҳалатлардан қалай шығыўды ойласар еди. Булар повестьте исенимли сүўретленген. Қ.Айымбетов усы жағдайларды есапқа алып «Қап қолласатуғын дос таптым...» деген екен [2, 276].

«Қәлли жорасының жүзине меҳир менен қарап қойды. Бул жақсылық пенен питпейди. Гүреске таярлана бер» [1, 22]. «Халыққа беремен деген **жемистиң аўзын жаңа ашып едим**. Ол жемислерди қандай етип жыйнадым... пал ҳәрреси сыяқлы мысқаллап, тынбастан жыйнадым. **Еле қабымның аўызы толық ашылған жоқ... Жаңа ғана ашылып атыр еди...**» [1, 22].

Бул Қ.Айымбетов пенен Н.Дәўқараевтың өз-ара сырласыўлары сыпатында повестьте диалог формасындағы сүўретлеў усылы арқалы еки илимпаздың ишки руўхый дүньясының айнасы, көркем психологиялық сүўретлеўдиң эстетикасы болып есапланады. Және де Н.Дәўқараев: «Мениң ҳақыйқый мийўем енди писеди», – десе, ал Қ.Айымбетов: «Сениң мийнетиңди тек ғана саўатлы адамлар ғана түсинеди. Ҳәзир жоқ жерден «халық душпанын излеў мапазы келип тур», – деген.

– Аўа, қашанда да бир тоқпақтың боларын күтип жүр едим. Бул тоқпақ ҳәзир урды-ғой. Бәри бурмалаў. Мен жаланың қурбаны болмақшыман. Балларым еле жас. Валифаның қолына илинип аўзына нан салғандай емес. Соншама баланы (сегиз бала) Валифа қалай бағады. Анама да қыйын болды [1, 22].

Д.Сонычевтың, Н.Нареновтың ҳәм басқалардың мақалалары да дағазаланып, оларды Н.Дәўқараев ҳәзир ҳәммемиз уллы шайыр деп танып жүрген Бердақтың «Шежире», «Хорезм», «Кулен болыс» шығармаларын жазғаны ушын айыпламаған, оны панисламистлик шайыр екенин биле тура халықлық әҳмийетке ийе шайыр деп мақтаған илимпаз, буржуазияшыл топарға биригиўши совет мәмлекетиниң душпаны деп айыплайды. Булар шын мәнисинде Н.Дәўқараевты руўхый психологиялық дағдарысқа түсирип, пүткил тынышын алған еди. «Оның көзи илинип кетипти. Биреў бай баласын жоқ қылыў керек», – деп тапаншасын қалтасынан шығарып туўры атып жиберди. Ол шалқасына жығылды...» [1, 40].

Мине, бул психология ситуацияның себеби **бир ярым ай ишинде оны қаралап жәриялаған бес мақаланың** ақыбетлери еди. Сол бес мақалаға да Н.Дәўқараев жуўап жазып ақланғысы келсе де, оның сөзлерин хеш ким есапқа алмады. Ал, Н.Дәўқараевты жақлап сөйлемекши болғанларға болса, сөз берилмеген. Ҳәттеки, Н.Дәўқараевтың «Большая советская энциклопедия»ға жазылған қолжазбасы, еле баспада жәрияланбаған мийнети де жала дөҳметтиң қармағына илинген. Усындай жүдә қыйын, драмалық психологиялық ситуациялар ўақтында Н.Дәўқараевтың анасының келини Валифаға қарата: «Балам бир жаманлықты жүрегим сезеди. Сен Нәжимди алып төркиниңе кетсең қалай болады? ... Валифа оған: «Бул көнбейди оған!», – деп сөзди кесип таслады [1, 47].

Солай етип, ҳүжжетли повестьте келтирилген фактлерден тысқары атақлы илимпазға тийисли объектив ҳүжжетли материаллар келтирилип, әсиресе, ең соңғы илим изертлеў институтындағы Н.Дәўқараевты қаралаўшы мәжилистеги сөзлер де, ондағы илимпаздың «мен Жоқарғы Кеңес депутатыман, мени бул жерде қаралап жыйналыс ашыўға ҳақыңыз жоқ» деген ақланыўшы объектив пикирлерине қарамастан, Қ.Айымбетовтың оны қорғаўшы илимий ойларын да есапқа алмай Н.Дәўқараевты партиядан шығарып, жумыс орнынан да шетлетиўди уйғарған қарар қабыл еткенлиги айқын сүўретленген. «Н.Дәўқараев залда орнынан тура алмай отырыўы менен қал-

ды. Қ.Айымбетов залдың соңғы орынлығында жер шуқлап отырғанда бираздан соң Нәжимди сүйеп, үйине алып барды» [1, 50].

С.Баҳадырованың «Қанатынан қайырылған суңқар» повестинде көбирек Н.Дәўқараевтың өмириниң соңғы мәўритлери қәлемге алынып, оның кимлер тәрепинен азап ақыретлер шеккени, оны майырыўдың ҳәттен тыс қәте, жалахорлық тәреплерин аўызша информациялардан, бул повестьтен алдын жәрияланған белгили илимпаз С.Ахметов, Г.Есемуратов, А.Пахратдинов, Қ.Байниязовдың фактлик материалларынан кеңнен пайдаланған. Повестьтиң документальлық, публицистикалық ҳәм идеялық эстетикалық әҳмийетин көрсететуғын фактлердиң бири илимпаз А.Пахратдинов, Қ.Байниязов сол ўақытлары Н.Дәўқараевтың сабағының ўақтында айырым студентлер илимпаз ҳаққындағы сын мақалаларды партаның үстине жайып қойып оқып отырғанларын көрип устаз бирден лекция оқып турған кафедраға басын қойып, еки шекесин қысып төмен қарап жатып қалады екен.

Мине, усы сыяқлы илимпаздың өмириниң ақырына тийисли сюжет ўақыялары С.Баҳадырованың шығармасында анық келтирилип, илимпаз өмириниң ақырғы демлеринде кафедрада лекция оқып атырып жүрек кеселлиги себепли жығылғаны детальластырылып тәсирли түрде поэтикалық шеберлик пенен сүўретленген.

«Мени үйге апарың! – деди студентлерге. Кафедрада жайыўлы турған қағазларын жыйнай алмады. Қағазларын студентлер жыйнап портфелине салды. Ол есиктен үйине кирген жерде сүйеп киятырған жигиттен қолын босатып алып: – Кете бериң…! – деди. Анасына адамлар сүйеп киятырған келбетин көрсеткиси келмеди. Әдеттегисинше: – Апа! – деди де, анасының алдына келип жығылды…. – Апа…!» [1, 54].

Бул қарақалпақ әдебияттаныў илим баслаўшылардың бири Н.Дәўқараевтың ең соңғы сөзи еди. Ол буннан кейин анасы менен қостары Валифаға бир қанша сөзлер айтқысы келседе тили гүрмелмеўи менен таңға қарай биротала уйқыға кетеди. Бул орынлар повестьтиң соңғы ноқаты ретинде лирико психологизм менен тәбияттың ыссылығына, ананың зарланған даўысы, шын трагедиялық сыпатқа ийе жоқлаўларға толы гәплер менен тәсиршең түрде сәўлелениўи кимди болса да толқынландырады.

Көркем әдебиятта Н.Дәўқараевтың образын сәўлелендириў мәселесинде Қарақалпақстан халық шайыры Х.Дәўлетназаравтың «Нәжим» қосығы сәтли жазылған қысқа лирикалық қатарлардан ибарат болып, шығармада мүмкиншилигинше қарақалпақ халқының ана тилиниң эмоционаллығы менен экспрессивлиги Нәжим образының лирико-психологиялық сүўретлеўлер менен эпикалық стильге бейим түрде дөретилген.

Мысалы:

Түри суўық заман – ә,
Дем шегиўи жаман – ә,
Бирге атып сақпанын,
Қас қабағын бақпадым,
Сиясаттың қақпанын
Аңбай басқан өзим – ә,

Шайыр усылайынша халық тилиндеги терең образлы сөзлерди ислетиў арқалы қаҳарманның ишки дүньясындағы рууҳый арпалысларды, ашыўға ҳәрекет етеди. Усылайынша, шайыр келеси қатарларда да психологизмди еле де өткирлестирип бериўге умтылған:

Кегиң бардай журтыңнан,
Сайысқанлар сыртымнан,
Жаў шымшықтай шырқылдаң,
Ер деп жүрген өзим – ә!
Сени ойлап қыйналдым,
Халқым – әй,! …Әҳ, елим – ә!

Х.Дәўлетназаров усылайынша халық тилиниң өткирлигинен, оның эмоционаллығынан шебер пайдаланып, айырым жалғаў, қосымталар арқалы күшейтип, Нәжим образының халықлық әҳмийетин ашып береди [4. 114].

Және де, Н.Дәўқараев ҳаққында баҳалы мийнетлердиң бири «Н.Дәўқараев» (1990) деп аталады. Бул китапта белгили алымлар С.Ахметов, Г.Есемуратов, Қ.Байниязов, Ә.Пахратдиновлардың Н.Дәўқараев ҳаққындағы еске түсириўлери берилип олардың ҳәр биринде Н.Дәўқараевтың азаматлық, илимий дөретиўшилик соқпақлары, ақырында алымның трагедиялық апатқа ушрағаны кең түрде сөз етиледи. Оларды бирлестирип турған идеялық эстетикалық, поэтикалық типология сонда-әдебиятшы илимпазлар Н.Дәўқараевтың тулғасына байланыслы өмир ўақыяларды, сюжетлик эпизодларды, өзлери көрген билгенлерин объектив түрде сәўлелендирип илимпаздың образын жанлы сәўлелендиреди. Мәселен китапта Н.Дәўқараевтың шәкиртлериниң бири профессор С.Ахметовтың еске түсириўлери өзиниң илимийлиги менен дыққатты тартады ҳәм устазын былайынша сыпатлап береди: «Н.Дәўкараев үлкен ири тулға еди… көзи тири ўақтында оның үлкен тулға екенлигин, мүмкин бендешилик пе, айырым адамлардың иши тарлығы ма, түсине бермедим. Әлбетте, асқар таўлар оның жанында турса өз бийиклигин көрсете алмайды, ал узақласып қарасаң, ол анағурлым уллы ҳәм саўлатлы көринеди. Басқаларды билмедим, ол мен ушын Нәжим аға «исли» болып жүргенде уллы тулға болып көринди. Қолдан келер нәрсе жоқ, бирақ бизге оның көрген қыйыншылықлары батар еди» [5, 6]. Мине, усындай улыўмаластырған баҳалардан соң С.Ахметов устаздан лекция тыңлағанын жаза отырып: «Ол киси сабаққа ара-тура келеди… Түпленген қолжазбаларын көтерип келип, кафедраға қояды да, олардың бирде биреўиниң бетин ашпастан, лекцияға